

23

janvyè

De tout fason, respekte maryaj. Epi rete fidèl ak kabann maryaj la. Paske, ni moun ki nan imoralite, ni moun ki nan adiltè, Bondye ap jije yo.

Ebre 13. 4

Zafè mès

“Libète nan mès yo” ap mache byen vit gwo jounen, medya yo ap klewonnen sa, epi lalwa elimine baryè yo. Men sa pa nouvo ! Sa l ye, sa gen plis pase 3000 lane, Bib la te pale sou abominasyon seksyèl ak abi seksyèl (Jenèz 19), adiltè (2 Samyèl 11), ensès, elatriye (Levitik 18).

Epoutan, menm Bib sa pran pozisyon fòmèl. Sou zafè-lavi nan maryaj, lalwa te deja di : “Piga nou fè adiltè” (Egzòd 20. 14). Pa gen moun ki ka di li pa konprann kòmmanman sa ! E pèsonn, nonplis, pa kapab nye ravaj sa koze lè nou pa obsève kòmmanman sa. Timoun yo ki vik-tim de sa yo, antouka, yo menm yo pa kapab nye yo.

Vrèmanvre, Bib la mete nivo a wo anpil, lè li di : “Nou menm mari yo, se pou nou renmen madanm nou, menmjan Kris renmen legliz epi li te bay lavi li pou legliz” (Efezyen 5. 25). Ala modèl ki alafwa mayifik men tou difisil si nou konsidere pwofondè lanmou Kris la pou nou ! Ala kantite chanjman ki ta genyen si nou ta retounen sou moral sa yo twouve ki twò wo, epoutan, ki aktyèlman gen plas li pi rèd ! Ann fè yon ti reflechi si chak mari k ap twonpe madanm li ta mande l padon e menmjan tou pou madanm nan, si chak timoun ta twouve papa l ak manman l ini nan yon lanmou plen tandrès, si yo ta kondane ak tout fòs yo chak espektak oubyen zak piblik ki vyole kòmmanman Bondye sa.

Yon moun ta ka di, sa se bagay ki enposib. Men sa ki pa enposib, sè ke chak moun, lè li nesèsè, rekonèt devan Bondye li te pèdi, pou li chanje konpòtman, epi chache direksyon ak sekou bò kote l.

23 janvier

Que le mariage soit tenu en honneur à tous égards, et le lit conjugal sans souillure ; car les fornicateurs et les adultères, Dieu les jugera. Hébreux 13. 4

Affaire de mœurs

La “libération des mœurs” s’accélère au grand jour, les médias s’en font les chantres, et les lois suppriment les barrières. Mais ce n’est pas nouveau ! En fait, la Bible mentionne déjà depuis plus de 3000 ans la perversion et les abus sexuels (Genèse 19), l’adultère (2 Samuel 11), l’inceste, etc. (Lévitique 18).

Pourtant, la même Bible est formelle. Concernant la vie de couple, la Loi ordonnait déjà : “Tu ne commettras pas d’adultère” (Exode 20. 14). Personne ne peut dire qu’il ne comprend pas ce commandement ! Et personne, non plus, ne peut nier les ravages occasionnés par le fait que beaucoup n’en tiennent pas compte. Les enfants victimes, eux, en tout cas, ne peuvent les nier !

C’est vrai que la Bible place la barre très haut quand elle dit : “Maris, aimez votre femme, comme aussi le Christ a aimé l’assemblée” (Éphésiens 5. 25). Quel modèle, à la fois magnifique et difficile si l’on considère la profondeur de l’amour de Christ pour nous ! Que de changements si l’on revenait à cette morale qualifiée depuis longtemps de dépassée, et pourtant plus actuelle que jamais ! Imaginons un peu chaque mari volage demandant pardon à son épouse et vice-versa, chaque enfant (re)trouvant un papa et une maman unis par un tendre amour, chaque spectacle ou comportement public allant à l’encontre des commandements divins fermement condamné !

C’est impossible, dira-t-on. Mais ce qui ne l’est pas, c’est que chacun, lorsque c’est nécessaire, reconnaisse devant Dieu son égarement, change de comportement, et cherche auprès de lui direction et secours.